**दिन–शनिवार** **दिनांक–12.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी चौबीस अप्रील कँ बिहारक दौरा पर आबि रहल छथि। एहि दरमियान ओ मधुबनी मे पंचायती राज दिवस पर आयोजित कार्यक्रम मे शामिल हेताह आओर एकटा जनसभा के संबोधित करताह। प्रधानमंत्रीक आगमन के लऽकऽ आइ भाजपा प्रदेश मुख्यालय, पटना मे एनडीएक घटक दल सभक एकटा महत्त्वपूर्ण बैसार भेल। एहि बैसार मे भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय मंत्री शिवराज सिंह चौहान शामिल भेलाह। संगहि, बैसार मे भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉ. दिलीप जायसवाल, पार्टीक वरिष्ठ नेता आ उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एवं विजय कुमार सिन्हा, जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा, जदयूक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय मंत्री ललन सिंह, जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा, लोजपा रामविलासक प्रदेश अध्यक्ष राजू तिवारी संगहि सभ घटक दल सभक प्रमुख नेता, सांसद आओर विधायक उपस्थित छलाह। बैसारक बाद संवाददाता लोकनि सँ बातचीत करैत केन्द्रीय मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलानि जे चौबीस अप्रील कँ प्रधानमंत्री बिहारवासी लोकनि कँ कतेको सौगात देताह।

---

बिहार विधानसभा चुनाव क लऽकऽ इंडी गठबंधनक घटक दल सभक पटना मे सत्रह अप्रील के बैसार प्रस्तावित अछि। सूत्र सँ भेटल जानकारीक अनुसारें राजद, कांग्रेस, भाकपा, माकापा आओर भाकपा–माले समेत सभ घटक दल सभक नेता लोकनि शामिल हेताह। एहि दरमियान सीट बंटवारा आओर महागठबंधन दिस सँ मुख्यमंत्रीक चेहरा पर मुख्य रूप सँ चर्चा हेबाक संभावना अछि।

---

पटना पुलिस, कांग्रेस नेता कन्हैया कुमार समेत पार्टीक एकतालीस कार्यकर्ता सभक खिलाफ नामजद प्राथमिकी दर्ज कयलक अछि। हिनका सभ पर बिना अनुमति लेने पटना मे जुलूस निकालब आओर प्रदर्शन करबाक आरोप अछि।

————————————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव बिहार मे लागू शराबबंदी कानून पर सवाल उठौलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ बातचीत मे ओ कहलनि जे शराबबंदी लागू हेबाक बादो राज्य मे तीन करोड़ लीटर सँ बेसी शराब बरामद कएल गेल। श्री यादव आरोप लगौलनि जे शराब तस्करी मे पुलिसक सेहो संलिप्तता रहैत अछि।

————————————————————————————

बिहार दोसर बेर महिला विश्वकप कबड्डी प्रतियोगिता–दू हजार पच्चीसक मेजबानी करत। एहि संबंध मे आइ पटना मे राज्य खेल प्राधिकरण आओर एमेच्योर कबड्डी फेडरेशन ऑफ इंडियाक बीच समझौता ज्ञापन पर हस्ताक्षर कएल गेल। प्रतियोगिताक आयोजन एक जून सँ दस जून धरि राजगीर खेल अकादमी मे होयत। एहि प्रतियोगिता मे भारत, चीन, नेपाल, पाकिस्तान, थाईलैंड आओर दक्षिण अफ्रीका सहित चौदह देशक टीम भाग लेत। वर्ष दू हजार बारह मे पहिल बेर बिहार महिला विश्वकप कबड्डी प्रतियोगिताक मेजबानी कयने छल।

————————————————————————————

नेशनल पेमेंट्स कॉरपोरेशन ऑफ इंडिया–एनपीसीआई कहलक अछि जे यूनिफाइड पेमेंट इंटरफेस–यूपीआई लेन–देन मे किछु तकनीकी समस्या सभक कारणें आंशिक रूप सँ कमी आबि रहल अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे एनपीसीआई कहलक जे ओ सुचारू डिजिटल लेन–देन सुनिश्चित करबाक लेल समस्या सभकेँ हल करबाक दिशा मे कार्य कऽ रहल अछि।

————————————————————————————

आकाशवाणी पटना सँ दूपहर तीन बाजि कऽ दस मिनट पर प्रसारित होबऽवला हिन्दी समाचार बूलेटिन आओर तीन बाजि कऽ पन्द्रह मिनट पर प्रसारित होबऽवला उर्दू समाचार

बूलेटिनक प्रसारण समय मे बदलाव कएल जा रहल अछि। तेरह अप्रील यानी काल्हि सँ हिन्दी समाचार बूलेटिन दूपहर दू बजे सँ प्रसारित कएल जाएत। ओतहि, उर्दू समाचार बूलेटिनक प्रसारण दूपहर दू बाजि कऽ पाँच मिनट सँ होयत।

———————————————————————————

मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तर–पूर्वी हिस्सा सभ–सुपौल, अररिया, किशनगंज, मधेपुरा, सहरसा, पूर्णियां आओर कटिहार जिला मे अनेको स्थान सभ पर बरखा हेबाक संभावना जतौलक अछि। ओतहि, राज्यक अन्य हिस्सा मे किछु स्थान पर बूंदा–बूंदी हेबाक पूर्वानुमान अछि। विभाग किशनगंज, अररिया आओर पूर्णियां जिला मे किछु स्थान पर चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ तेज हवा चलबाक आओर वज्रपातक आशंका जतौलक अछि। एहि कारणें ऑरेंज अलर्ट सेहो जारी कएल गेल अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिण–पूर्वी हिस्सा सभ मे सेहो किछु स्थान सभ पर तेज हवा चलबाक आओर वज्रपातक चेतावनी जारी कएल गेल अछि।

———————————————————————————

रेलवे मे असिस्टेंट लोको पायलटक नओ हजार नओ सय सत्तरि पऽदक लेल आवेदन प्रक्रिया आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। आवेदनक अंतिम तिथि एगारह मई निर्धारित कएल गेल अछि। एहि आवेदन सँ संबंधित विस्तृत जानकारी रेलवे भर्ती बोर्डक वेबसाईट पर उपलब्ध अछि।

———————————————————————————

राजेन्द्र सेतु पर मरम्मति कार्यक कारणें सेतु सड़क मार्ग आइ राति दस बजे सँ भोरक छओ बजे धरि बंद रहत। एहि दरमियान एम्बुलेंस आओर आपातकालीन वाहन सभकेँ छोड़ि कऽ अन्य सभ वाहन सभक आवाजाही पर रोक रहत।

———————————————————————————

समाप्त भेल।